



Pou Piblikasyon Imedya: 16/10/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PASE ENSTRIKSYON AK FÒS ENTÈVANSYON KONT KRIM
RAYISANS NAN LAPOLIS ETA A POU EDE NAN ANKÈT SOU PLIS GRAFITI KWA
GAME YO NAN PAK ETA A NAN KONTE SUFFOLK**

"Madi swa, yon gadyen ki travay aswè te jwen yon kwa game yo pentire ak yon espre sou yon bilding nan Pak Eta Nissequoque River nan Konte Suffolk, dezyèm fwa yo te jwenn senbòl rayisans sa a la sèlman semèn sa a. Mwen santi mwen absoliman degoute non sèlman pou demonstrasyon flagran anti-Semitis sa a, men tou akòz ogmantasyon twoublan nan krim ki gen rapò ak prejije yo ki vize divize epi enspire laperèz nan kominote nou yo.

Nan New York nou genyen zewo tolerans pou kèlkeswa raysisans oswa diskriminasyon an, epi nou pral toujou kanpe epi pale kont li avèk anpil fèmte. Mwen ap bay enstriksyon ak Fòs Entèvansyon kont Krim Rayisans nan Lapolis Eta (State Police Hate Crimes Task Force) a pou ofri asistans bay otorite lokal yo nan ankèt yo a sou ensidan sa a. Nou pral jwenn sila yo ki responsab pou zak detestab sa yo epi pouswiv yo lajistis nan tout mezi lalwa pèmèt".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)